

## LATIHAN UJIAN MADRASAH B JAWA

***Pilih sing bener !***

***Wacanen teks ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 1 tekan 3 !***

### **Museum Kraton Yogyakarta**

Manut crito sejarah, Museum Kraton Yogyakarta dibangun wiwit pamerintahan Sultan Hamengku Buwono I. Nalika pamerintahan Sultan Hamengku Buwono IX, kraton kasebut dibuka kanggo umum. Ing Museum Kraton Yogyakarta ana telung bagian, yaiku ana Museum Sri Sultan Hamengku Buwono IX, Museum kristal, Museum Batik, Museum Pameran lan Photo Pameran.

Museum Kraton Yogyakarta papane ono ing dalan Ratawijayan, Kelurahan Kadipaten, Kecamatan Keraton, kutha Yogyakarta. Papane ora adoh saka Kraton Yogyakarta prenahe ing sisih kidul kulon Alun-Alun Lor.

1. Irah-irahan wacan ing dhuwur yaiku ....

- A. Museum Kraton Ngayogyakarta
- B. Museum Sri Sultan Hamengku Buwono IX
- C. Museum Kraton Yogyakarta
- D. Museum Batik Yogyakarta

2. Museum Kraton Yogyakarta dibangun wiwit pamerintahan ....

- A. Sultan Hamengku Buwono VII
- B. Sultan Hamengku Buwono I
- C. Sultan Hamengku Buwono IX
- D. Sultan Hamengku Buwono X

3. Kang ora kalebu bagian Museum Kraton Yogyakarta yaiku . . . .

- A. Museum Sri Sultan Hamengku Buwono IX
- B. Museum Pameran lan photo pameran
- C. Museum Batik
- D. Museum Dirgantara

4. Ing museum ana tata tertib kang kudu dimangerteni lan ditaati saben-saben pengunjung. Tata tertib ana ing museum iku maneka warna kayata: ora keno mbuwang uwuh ing sembarang papan, ora keno corat-coret, ora keno ngemek koleksi, ora keno nggunakake koleksi museum kanggo dolanan apa maneh nganti ngrusak. Tata tertib biyasane ditulis lan ditempel ana ing ngarep lawang mlebu museum. Tata tertib bisa katulis kanthi basa jawa, basa Indonesia ana uga basa mancanegara.

Bakuning ukara saka pethikan ing dhuwur yaiku . . . .

- A. Tata tertib pengunjung.
- B. Tata tertib katulis kanthi basa jawa, basa Indonesia ana uga basa mancanegara.
- C. Tata tertib biyasane ditulis lan ditempel ana ing ngarep lawang mlebu museum.
- D. Ing museum ana tata tertib kang kudu dimangerteni lan ditaati saben-saben pengunjung.

5. Gatekna gambar iki ! Museum kaya ing gambar kasebut, papane ana ing Kabupaten . . .



- A. Bantul
- B. Sleman
- C. Kulon Progo
- D. Gunung Kidul

**Gatekna tembang Mijil ing ngisor iki kanggo mangsuli nomer 6 tekan 8 !**

Ing samangke rumaos prihatin  
Ndulu lare yektos  
Klonthang-klanthung tan genah karyane  
Mula kaki kudu prigel wasis  
Asta den latih  
Dimen ora kithung

6. Wulangan becik ing tembang kasebut, yaiku . . . .

- A. aja dadi bocah sing seneng nembang jalaran marake prigel
- B. kudu golek gawean seko cilik supaya gedhene ora nganggur
- C. kudu sregep sinau supaya prigel lan wasis samubarang karya
- D. klonthang-klanthung kui enthuk nalika isih cilik wae

7. Klonthang-klanthung tan genah karyane

Tegese tembung Klonthang-klanthung yaiku . . . .

- A. mlaku-mlaku plesir ana papan wisata
- B. mlaku mrana-mrene tanpa tujuwan
- C. mloya-mlayu arep golek gawean
- D. dolan karo kancane golek pakaryan

8. Tembang Macapat Mijil ing dhuwur ana . . . gatra.

- A. 9
- B. 8
- C. 7
- D. 6

9. Cacahing wanda ana ing saben sagatra diarani . . . .

- A. guru lagu
- B. guru gatra
- C. guru swara
- D. guru wilangan

10. Sing diarani guru lagu yaiku . . . .

- A. Tibaning swara ing pungkasaning gatra
- B. Tibaning swara ana ing saben sapada
- C. Tibaning swara ing pada pungkasan
- D. Tibaning swara ing gatra keru dhewe

11. *Sekar gambuh ping catur*

*Kang cinatur polah kang kalantur*


.....

Guru wilangan lan guru lagune pethikan tembang ing dhuwur yaiku . . . .

- A. 8 – u ; 9 - u
- B. 8 – u ; 9 - a
- C. 7 – u ; 10 - u
- D. 7 – a ; 10 – u

12. Gablek iku khas Bantul  
Bantul Prajatamansari  
Dadi murid ingkang pinunjul  
Sregep sekolah sregep . . . .  
Tembung kang bener kanggo nggenepi parikan ing dhuwur, yaiku . . . .
- A. maca
  - B. nulis
  - C. ngaji
  - D. sinau
13. Nggenteni ibu neng lor tugu,  
Nasehat guru mesti . . . .  
Parikan kasebut bacute . . . .
- A. ditiru
  - B. digugu
  - C. dilakoni
  - D. diwoco
14. Lampu kanggo madhangni dalang nalika mayang diaranai . . .
- A. kelir
  - B. geber
  - C. teplok
  - D. blencong
15. Perang antarane Pandhawa lan Kurawa diarani, yaiku . . . .
- A. Perang baratayudha
  - B. Perang kembang
  - C. Perang tandhing
  - D. Perang sampyuh.
16. Jeneng wayang kang asale saka negara Ngamarta yaiku . . . .
- A. Raden Gathutkaca
  - B. Prabu Puntadewa
  - C. Raden Werkudara
  - D. Prabu Salya

17. Gambar wayang sisih kiwa iki jenenge . . . .



- A. Semar
- B. Gareng
- C. Petruk
- D. Bagong

18. Panah pasopati gamane . . . .

- A. Raden Gatotkaca
- B. Raden Nakula
- C. Raden Sadewa
- D. Raden Arjuna

19. Kang klebu jamu jawa tradhisional kayata . . . .

- A. cabe puyang
- B. jahe wangi
- C. madurasa
- D. bodrexin

20. Jamu beras kencur mumpangate kanggo . . . .

- A. nambani weteng kembung
- B. ngedonke kolesterol
- C. nambani jerawat
- D. nyegerke awak

21. Tanduran kaya ing gambar kasebut arane godhong . . . .



- A. suruh
- B. widara
- C. bratawali
- D. sambirata

22. Tanduran kaya ing gambar gunane kanggo nambani . . . .



- A. Masuk angin
- B. panu
- C. gatelen
- D. mimisen

23. Tuwuhan iki jinising tetanduran herbal, yen dionceki warnane kuning, minangka bahan pangan utawa kanggo bumbu ing pawon. Bumbu kang kasebut aran . . . .

- A. temulawak
- B. bangle
- C. kunir
- D. jae

24. Pak Wasita : “ Apa bener nduk, iki . . . . pak Gunawan.”

Niken : “ Inggih leres pak”

Tembung kanggo nggenepi pacelathon ing dhuwur yaiku . . . .

- A. daleme
- B. omahe
- C. griyane
- D. gubuke

25. Pak Heri menyang solo numpak sepur.

Ukara iku menawa dikramakake dadi . . . .

- A. Pak Heri dugi solo numpak sepur.
- B. Pak Heri mlampah solo nitih sepur.
- C. Pak Heri tindak solo nitih sepur.
- D. Pak Heri menyang solo nitih sepur.

26. Simbah wingi dipun . . . Bu Lik angsal – angsal saking Bandung.

Tembung kang mathuk kanggo nggenepi ukara kasebut yaiku . . . .

- A. caosi
- B. angsuli
- C. angsali
- D. paringi

27. Menawa Bu Guru ngendika ki ayo padha di . . . .
- A. rungokake
  - B. mirengake
  - C. tinggal rame
  - D. midhangetake
28. Ibu lagi maca surat.
- Ukara ing dhuwur becike muni . . . .
- A. Ibu nembe maca layang.
  - B. Ibu nembe maos layang.
  - C. Ibu nembe maos serat.
  - D. Ibu nembe mios serat.
29. Bapak durung mulih seka kantor.
- Ukara iku yen diganti nganggo basa krama kang bener yaiku . . . .
- A. Bapak dereng mantuk seka kantor.
  - B. Bapak dereng kondur saking kantor.
  - C. Bapak dereng rawuh saking kantor.
  - D. Bapak dereng rawuh seka kantor.
30. Ukara pitakon nganggo basa krama kang bener yaiku . . . .
- A. Kepriye anggone padha nyambut damel ?
  - B. Reganipun montor kuwi sakniki pinten ?
  - C. Sinten ingkang dereng rawuh ?
  - D. Sinten sing ngrisak tanduran ?
31. Ukara pitakon nganggo basa krama kang bener yaiku . . . .
- A. Kados pundi anggone padha nyambut damel ?
  - B. Reganipun montor honda kuwi samenika pinten ?
  - C. Sinten asmane ingkang ngagem kaos pethak ?
  - D. Menapa sing damel rusak tanduranipun ?

32. Gatekno tulisan iki !

ꦩꦿꦶꦥꦠꦺꦏꦼꦭꦶꦥꦺꦤ

Tulisan kasebut wacane . . . .

- A. Mripate klilipen
- B. Mripate abang
- C. Netrane klilipen
- D. Mripate beleken

33. Gatekno tulisan iki !

ꦩꦸꦂꦠꦶꦱꦼꦒꦺꦥꦱꦺꦏꦺꦭ

Tulisan kasebut wacane . . . .

- A. Murti sregep sekolah
- B. Murti sregep sinau
- C. Murti sregep ngaji
- D. Murti lagi sinau

34. Krupuk urang.

Ukara iku yen ditulis nganggo aksara jawa yaiku . . . .

- A. ꦏꦿꦸꦥꦏꦸꦫꦁ
- B. ꦏꦿꦸꦥꦏꦸꦭꦁ
- C. ꦏꦿꦶꦩꦶꦫꦁ
- D. ꦏꦿꦸꦥꦸꦫꦁ

35. Ampyang kacang

Ukara iku yen ditulis nganggo aksara jawa yaiku . . . .

- A. ꦏꦺꦴꦩꦫꦁꦏꦏꦏꦏ
- B. ꦏꦺꦴꦩꦫꦁꦏꦏꦏꦏ
- C. ꦏꦺꦴꦩꦫꦁꦏꦏꦏꦏ
- D. ꦏꦺꦴꦩꦫꦁꦏꦏꦏꦏ